**РЕЗЮМЕ.** Мақолада Ажиниёз шоирр поэзиясининг ғоявий, жанрий, образлилик жиҳатдан мураккаб томонлари таҳлил қилинади. Шунингдек, миллийлик ва гендер тенглик масалалари баён қилинган шеърлари хусусида атрофлича фикр юритилади.

**РЕЗЮМЕ.** В статье анализируются идейные, жанровые и образные аспекты поэзии поэта Ажинияза. Так же, подробно рассмотрены стихотворения, в которых описываются вопросы национальности и гендерного равенства.

**SUMMARY.** The article analyzes the ideological, genre, and figurative aspects of Ajiniyaz poet's poetry. In addition, there will be a detailed discussion about the lions in which the issues of nationality and gender equality are discussed.

# ӘЖИНИЯЗ ҚОСЫҚЛАРЫНДА ЛИРИКАЛЫҚ КОНФЛИКТ ЖАРАТЫЎДА МЕТАФОРАНЫҢ ХЫЗМЕТИ

**А.Досымбетова –** *филология илимлериниң кандидаты, доцент*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:** лирика, шеърият, лирик қаҳрамон, лирик конфликт, контраст, метафора, лирик кечинма.
**Ключевые слова:** лирика, поэзия, лирический герой, лирический конфликт, контраст, метафора, лирическое переживание.
**Key words:** lyric, poetry, lyrical hero, lyrical conflict, contrast, metaphor, lyrical experience.

XIX әсирдеги қарақалпақ әдебиятының классик шайыры Әжинияз Қосыбай улының әдебий мийраслары тек ғана бизиң халқымыздың емес, ал түркий тиллес халықлардың руўхый мәдениятына үлкен үлес болып қосылды. Әжинияз поэзиясы қарақалпақ әдебияттаныў илиминде үйренилип келмекте. Солай болса да шайыр поэзиясында еле де изертлениўин күтип турған көркем поэтикалық қубылыслар баршылық. Солардың бири лирикалық конфликтти жаратыўда метафоралардың қолланылыўы болып табылады. Биз бул мақалада шайырдың қосықларында лирикалық конфликтти дүзиўде метафораның көркемлеў хызметин үйрениўди мақсет етип қойдық.

Шайыр қосықларындағы конфликт, сондай-ақ, улыўма лирикалық конфликт мәселесиниң жетерли илимий изертленилмегенлиги бизиң таңлаған темамыздың актуаллығын сыпатлайды. Әжинияз шығармалары туўралы монографиялық мийнетлерде ҳәм өз алдына илимий мақалаларда теориялық пикирлер билдирилген ҳәм олардың бәринде шайырдың қарақалпақ поэзиясындағы орны ҳәр тәреплеме үйрениледи. (Шайыр шығармаларының изертлениў мәселеси көрсетилген библиографиялық көрсеткиште келтирилген) [5].

Лирикада шайырдың әтирaптағы қубылысларға, бизди қоршаған шынлықтың жумбақлы сырларына баҳасы, көзқараслары, сыртқы дүньяның унамлы яки унамсыз тәсиринен ишки дүньясында жүзеге келген ой-кеширмелери лирикалық қаҳарман образы арқалы сәўлеленеди. Гейде лирикалық қаҳарман тәбияттағы ҳәм адамлар арасындағы гөззал қубылысларды сәўлелендирип, өмир ҳәм тәбият ҳәдийселерине сүйсиниў, ләззетлениў, рәҳәтлениў сезимлерин пайда етсе, гейде лирикалық қаҳарман әтирапта, жәмийетте жүз берип атырған ўақыялардың өзиниң қәлеўине, улыўма адамзаттың идеалына қайшы келиўинен гүйзелиске түсиўи мүмкин. Бундай жағдайда лирикалық қаҳарман менен орталық арасында қарама-қарсылық жүзеге келип, ол лирикалық конфликтти пайда етеди. «Лирикалық шығармаларда да конфликт бар. Бирақ ол эпикалық ҳәм драмалық шығармалардағыдай ўақыяның избе-из, басқышпа-басқыш раўажланыўы арқалы, яғный сюжеттиң раўажланыўы арқалы көринбейди, ал көбинесе, лирикалық қаҳарман менен сыртқы орталық, сыртқы дүнья арасындағы қарама-қарсылықлар арқалы көринеди» [3:26].

Әжинияз шығармаларында да лирикалық қаҳарманның жәмийетлик сиясий турмысқа, қоршаған орталыққа, дәўирге болған көзқарасларын сәўлелендириўде лирикалық конфликттен пайдаланатуғыны көзге тасланады. Себеби XIX әсирдеги Хорезм ойпатындағы феодаллық қатнаслар шараятында жасаған дәўирдеги халқымыздың социаллық, сиясий-экономикалық шараятлары өз заманының озық ойлы, жоқары билимли шайыры болған Әжинияздың көзқарасларына оншелли үйлесе бермеўи тәбийий жағдай еди. Әжинияз өзиниң айырым қосықларында өз заманына болған көзқарасларын, ой-толғаныcларын бериўде лирикалық конфликтти жүзеге келтиреди. Шайырдың «Көңлим мениң», «Йоқты», «Дәўран болмады», «Сел болады», «Майдан ишинде» ҳәм басқа қосықларында көркем мазмунды, лирикалық қаҳарманның ишки кеширмелерин лирикалық конфликт арқалы сәўлелендиргенин гүзетемиз. Бунда шайыр лирикалық конфликтти бериўде метафоралардан утымлы пайдаланған.

Шайырдың «Көңлим мениң» қосығында лирикалық қаҳарманның ишки кеширмелери, руўхый дүньясы қубылыслары тийкарында көркем мазмун сәўлеленген.

Өмиримниң қасри йықылған,
Ығбал кәсасы төкилген,
Хатсыз, қәлемсиз шекилген,
Бир әжеп дийўана мегзер.
Дәртимниң жоқ ҳеш даўасы,
Бузылды көнлим Хийўасы,
Үмидиўар инсан дүньясы,
Шәўкетсиз дәўрана мегзер [1:14].

Лирикалық қаҳарманның кеўил кеширмелерин бериўде «йықылған қаср», «төгилген ығбал кәсасы», «хатсыз, қәлемсиз шекилген дийўан», «көңлим Хийўасы» сыяқлы метафоралар қолланылған. Бул метафоралар лирикалық қаҳарманның руўхый кеширмелер ҳалатын көркем сәўлелендириў ушын хызмет етип келген. Усы метафоралардың жәрдеминде шайыр лирикалық қаҳарманның өз заманына болған қандай да бир нарийзалық кейпиятын, оның ишки қәлеўи менен сыртқы орталықтағы қубылыслардың қайшы келиўин көркем сәўлелендиреди. Әсиресе, лирикалық қаҳарманның «көңил Хийўасының бузылыўы» өз көзқарасларын көркемлеп жеткериўде айрықша хызмет атқарып келген. Бул лирикалық қаҳарманның қәлбиндеги әмелге аспаған жақсы нийетлердиң, уллы мақсетлердиң көркем сәўлеси болып есапланады. Хийўаның өз дәўириндеги сулыў, бийик-бийик мақбаралары бар, даңқлы қала болғанлығын есапқа алсақ, лирикалық қаҳарман қәлбиндеги сулыў ҳәм бийик ой-сезимлериниң, шайырлық илҳам-йоштың өзи қәлегениндей болып хызмет ететуғын ҳәм қабылланатуғын жәмийетлик орталық, эстетикалық шараяттың болмағанынан гүйзелиске түсиўи болса керек. Шайыр метафораның жәрдеминде лирикалық конфликтти оғада нәзиклик пенен, көркемлик пенен тереңлестиреди, лирикалық қаҳарманның руўхый ҳалатын терең ашыўға ериседи.

Шайырдың «Дәўран болмады» қосығында лирикалық конфликт инсан менен жәмийет, яғный лирикалық қаҳарман менен ол жасап атырған орталық арасындағы қарама-қарсылық тийкарында жаратылған. Шайырдың лирикалық қаҳарманы сыртқы орталық, әтирaптағы қубылыслар менен қарама-қарсылыққа түседи. Усы қосықтағы лирикалық конфликт ҳаққында теориялық мийнетлерде төмендегидей пикирлер келтирилген: «Әжинияздың «Дәўран болмады» қосығында лирикалық қаҳарман өзиниң тәғдирине налыш етеди. Ол өзин тилла сазға мегзетеди, бирақ оны шертетуғын маман болмайды, өзин алғыр қусқа мегзетеди, бирақ оны

баплайтуғын қәлпеси, сайады (аңшысы) болмайды. Қырман алма самал еспейди, кәрўан келсе жүги болмайды, я ўатан тапса елаты жоқ. Бул жерде лирикалық қаҳарман сыртқы дүньяға, жәмийетке, турмысқа қарсы наразылық билдиреди, жекке тәғдирине налыйды. Олар арасында конфликт көринеди. Буны лирикалық конфликт десе болады.» [4:56]. Қосықта бастан ақырына шекем метафоралар қолланылып, «тилла саз» ҳәм «ҳәўижге келтирер жәнан», «алғыр баз» ҳәм «қәлпе сайяд», «ҳасыл жүк» ҳәм «базар», «кәрўан» ҳәм «жолға әнжам болмаған көңил мүлки», «гүзар дәрбентине қурған көшки» ҳәм «дәртлесер ҳәмдам», «қырман» ҳәм «шамал» қолланылып, олар контекстте бири-бирине сәйкесленбейди, бири екиншисине үйлеспейди, қарама-қарсылыққа түсип, контрастлы мазмунды пайда етеди. Олардың бири лирикалық қаҳарманның руўхый дүньясына тән қубылысларды, ал екиншиси сыртқы орталыққа тән қубылысларды сәўлелендиреди. Усы тийкарда лирикалық қаҳарманның ишки қәлеўине, дүнья танымына сыртқы орталықтағы қубылыслардың, қатнаслардың, тәртиплердиң қайшы келиўи сәўлеленеди. «Лирикалық шығармада белгили сюжеттиң жоқ екенлиги конфликттиң анық көзге тасланыў имканиятларын шеклейди. Лирикада конфликт композициялық контраст сыпатында көзге тасланатуғын композициялық бирликке айланады. Сонлықтан қосықты анализге тартар екенбиз, биз қарама-қарсы характерлердиң гүресин емес, ал қарама-қарсы образ ҳәм детальлардың өз-ара тәсирин үйренемиз» [7] Қосықта лирикалық конфликтти жаратыўда метафоралар сүўретлеў объектин ҳәр тәреплеме ашыў менен бирге мазмунның эмоциональлығын тәмийинлейди.

Дәрек йоқ ушырған қуба қушымнан,
Базарым тарқады ерте пешиннен,
Кәрўан өткен ўақта мениң тусымнан,
Көңил мүлким жолға әнжам болмады.
Сырым паш етпедим ҳәргиз хеш кимге,
Ситәмкар әйләдим жанға беш күнде,
Гүзар дәрбентине қурған көшкимде,
Дәртимди дәртлесер ҳәмдам болмады [1:21].

Бул қатарларда лирикалық қаҳарманның өзи жасап дөретиўшилик етип атырған орталыққа болған көзқараслары көркем сәўлеленген. Усы қосықтағы метафора, метонимия ҳәм символдың көркемлеў хызмети Б.Генжемуратов тәрепинен илимий анализге тартылған [2:14-15]. Бундағы «қуба қуш» шайыр образындағы лирикалық қаҳарманның айрықша таланты, илҳам йошының символы болса, ал «базар» – ол инсанның жаслығы. Ҳақыйқый кәмалатқа жетискен пайыты. Қызықлы мазмунға ийе дәўири. Бирақ ол «базар» өмирдиң ҳәўижли, шийрин демлеринде «ерте пешиннен» – мезгилинен бурын тарқап отыр» [2:16] Қосықта «ерте пешиннен тарқаған базар» метафорасы арқалы ыңғайсыз, дөретиўши шахслар ушын имканиятлары оғада аз болған дәўирди, әсиресе, кәрўан өткен ўақта көңил мүлкиниң жолға әнжам болмаўы лирикалық қахарман ушын еркин дөретиўшилик ететуғын, ыңғайлы, жағдайлы заманның болмағанлығын көркем сәўлелендиреди. Ал кейинги «Гүзар дәрбентине қурған көшкимде, Дәртимди дәртлесер ҳәмдам болмады» деген қатарларда лирикалық қаҳарманның жәмийетте жеккесиреў ҳалаты, яғный оны түсинер заманы, талантын баҳалайтуғын орталық болмағанлығын сүўретлей отырып метафоралардың жәрдеминде лирикалық конфликтти тереңлестиреди. Усы тийкарда шайыр өз дәўириндеги социаллық турмысқа, жәмийетлик тәртиплерге болған қатнасын сәўлелендиреди. Озық ойлы, айрықша талантлы инсанлар қәдирленбеген, баҳаланбаған жәмийетке болған нарийзалық көзқарасларын көркемлеп береди. Әжинияздың өз заманынан әдеўир алға кетип пикирлейтуғын, жоқары эстетикалық талғам ҳәм билимге, айрықша талантқа ийе болған шайыр екенлигин есапқа алсақ, лирикалық қаҳарманның «гүзар дәрбинтиндеги көшки»де «дәртлесетуғын ҳәмдам» таппай гүйзелиске түсиўи, ямаса өзин «ҳәўижге келтиретуғын сәнемлери болмаған тилла сазға» мегзетиўиндеги руўхый кеширмелериниң төркинин терең аңлаймыз.

Шайыр өзиниң заманға, дәўирге болған көзқарасларын «Сел болады» қосығында да лирикалық конфликт арқалы сәўлелендиреди.

Бул не қайғы, бул не думан?
Болалмадым дәрттен аман,
Ишпей шарап, шегип афған,
Аҳлы ҳуўшым лал болады.

Қосықта лирикалық қаҳарманның руўхый дүньясын қандай да аўыр қайғылы, дәртли кеширмелер қыйнап атырғанлығы аңласылады. Бул қайғылы кеширмелер лирикалық қаҳарманның жәмийетке, орталыққа болған нарийзалық кейпиятынан пайда болған. Лирикалық қаҳарманның руўхый кеширмелери метафоралар жәрдеминде лирикалық конфликт арқалы берилген. Келтирилген қатарларда «думан», «шарап», «афған» метафоралары лирикалық конфликтти жүзеге келтириўде поэтикалық хызмет атқарып келген.

Әжинияз дер мениң атым,
Йетмес аллаға фәриядым,
Иште лаўлап жанған отым,
Қашан өшер күн болады? [1:30].

Бул қатарларда лирикалық қаҳарманның сезимлери ҳәўижленип, тасқынланып, лирикалық конфликт күшейтиледи. Бул ҳалатты бериўде «иште лаўлап жанған от» метафорасы айрықша поэтикалық хызмет атқарған. Лирикалық қаҳарманның заман менен жәмийетлик орталықтағы сиясий жағдайлар менен келисе алмаўы онда күшли руўхый гүйзелислерди пайда етеди. Усы гүйзелислерди, дәртли толғанысларды «лаўлап жанған от» метафорасы көркемлеп жеткереди. Лирикалық конфликт лирикалық қаҳарманның ишки сезимлерин, руўхый ҳалатларын сүўретлеўде өз көринисин табады. «Лирикалық шығармада барлық қарама-қарсылықлары менен дәўир сәўлеленеди. Усы қарама-қарсылықты жекке инсан өмири арқалы бериў жолы ҳәм формасын табыў лирикалық конфликттиң баслы мәселеси болып табылады**...** Лирикалық конфликттиң динамикасы инсан руўхыятының терең түпкирлерин ашып көрсетиў мүмкиншилигине ийе» [6].

Шайырдың «Майдан ишинде» деп аталған қосығында лирикалық қаҳарманның ишки руўхый кеширмелери тереңлестирилген ҳалаты берилген.

Қайғыў меҳнәт болды ярым,
Шықмас көңилден ғубарым,
Кеше күндиз аҳыў зарым,
Қалыбман ҳайран ишинде.
Гездим ғәриплик йолында,
Ғарқ болып шәгма көлиндә,
Юсупдек Мысыр елиндә,
Қалыбман зиндан ишиндә [1:31].

Бул қосықта лирикалық қаҳарманның қандай да бир руўхый гүйзелислер ҳалатындағы кеширмелери сәўлеленеди. Лирикалық қаҳарманның «майдан ишинде», «ҳайран ишинде», «зиндан ишинде», «гирян ишинде», «әрман ишинде» қалғанлығы ишки руўхый гүйзелислериниң көркем сәўлелениўи болып есапланады. Бул метафоралардың ҳәммеси лирикалық қаҳарманның заманға, дәўирге болған көзқарасларын сәўлелендиреди. Лирикалық қаҳарманның «кеўлиндеги ғубары», «шәгма көлинде ғарқ болыўы» ишки кеширмелериндеги қайғылы, дәртли кеширмелердиң метафорасы болса, «майдан», «зиндан», «гирян» ҳәм басқалар дәўирдиң метафоралары болып табылады. Лирикалық қаҳарманның «зиндан ишинде» қалып

«шәгма көлине ғарқ болыўы» бул лирикалық конфликттиң айдынласыўын аңлатады. Шайыр өзиниң усы сыяқлы көплеген қосықларында лирикалық қаҳарман образын жаратыўда контрастлы сүўретлеў, яғный лирикалық қаҳарманның ишки руўхый әлеми менен сыртқы дүньяны, орталықты қарама-қарсы қойыў тийкарында лирикалық конфликтти жүзеге келтиреди.

Жуўмақлап айтқанда, Әжинияз Қосыбай улының поэзиясы қайталанбас көркемлик қубылысларға толы. Оның лирикасының және бир өзгешелиги өзи жасап дөретиўшилик еткен дәўирге болған көзқарасларын сәўлелендириўде лирикалық конфликтти айрықша композициялық әмел сыпатында пайдаланыўы болып есапланады. Дәўирге ҳәм лирикалық қахарманның кеўил дүньясына, дүньятанымына тән болған қубылысларды метафоралардың жәрдеминде көркемлеп жеткереди. Метафоралар шайыр лирикасында көркем мазмунды эмоциональ жеткериў менен бирге лирикалық конфликтти жаратыў хызметин де атқарады. Лирикалық конфликт жаратыў көркем мазмунды сәўлелендириўдиң көркемлик усылларының бири болып, оны метафоралар арқалы байытып бериў шайырдың дөретиўшилик шеберлиги менен байланысады.

**Әдебиятлар**


1. Әжинияз. Таңламалы шығармалары. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1994.
2. Генжемуратов Б. Әжинияз лирикасының поэтикасы. –Нөкис: «Билим», 1997.
3. Ja’rimbetov Q.A’debiyattani’wdan sabaqlar. –No’kis: “Qaraqalpaqstan”, 2012.
4. Járimbetov Q., Sagidullaeva J. Ádebiyattanıw teoriyası. –Nókis: “Qaraqalpaqstan” 2020.
5. Пахратдинов Қ. Қарлыбаева Г. Әжинияз. Библиографиялық көсеткиш. –Нөкис: «Qaraqalpaqstan», 2014.
6. Шаззо К.Г. Художественный конфликт в лирическом произведении (А.Фет, А.Блок, Н.Бараташвили). https://cyberleninka.ru/article/n/hudozhestvennyy-konflikt-v-liricheskom-proizvedenii-a-fet-a-blok-n-baratashvili
7. Хомякова О.Р. Сюжет и конфликт в лирике, эпосе, драме. https: //bspu.by/blog/homyakova/article/lekcii/syuzhet- i-konflikt-v-lirike-epose-



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада қорақалпоқ адабиётининг мумтоз шоири Ажиниёз Қўсибой ўғлининг лирик асарлари ўрганилган. Шоир шеърларида лирик қаҳрамон образини яратишда лирик конфликтнинг иштироки таҳлил қилинади. Лирик конфликт орқали лирик қаҳрамоннинг ўзи яшаган даврга бўлган қарашларининг берилиши тадқиқ этилади. Лирик конфликт яратишда метафоралардан унумли фойдаланади. Метафораларнинг шеърдаги бадиий хизмати ва лирик конфликт яратишда тутган ўрни ўрганилади

**РЕЗЮМЕ.** В статье изучены лирические произведения классика каракалпакской литературы Ажинияза Косыбай улы. Анализируется роль лирического конфликта в создании образа лирического героя в стихах поэта. Исследуется, как через лирический конфликт передаются взгляды лирического героя на эпоху, в которой он жил. Особое внимание уделено использованию метафор в создании лирического конфликта. Исследуются художественная функция метафор в стихотворениях и их значение в формировании лирического конфликта.

**SUMMARY.** The article studies the lyrical works of the classic of Karakalpak literature Azhiniyaz Kosybayuly. The role of lyrical conflict in creating the image of the lyrical hero in the poet's poems is analyzed. It is investigated how through the lyrical conflict the views of the lyrical hero on the era in which he lived are conveyed. Special attention is paid to the use of metaphors in the creation of lyrical conflict. The artistic function of metaphors in the poems and their significance in the formation of lyrical conflict are studied.


# ӘЖИНИЯЗДЫҢ БАБАЛАРЫ КИМ БОЛҒАН?, БУЛ ҲАҚҚЫНДА БИЗ НЕ БИЛЕМИЗ?...

*(Жаңа илимий изертлеўлер)*


**М.М.Есебаев –** *филология илимлери бойынша философия докторы*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** тарих, этнография, шежра, мадраса, масжид, ахун, охун, эшон.

**Ключевые слова:** история, этнография, родословная, медресе, мечеть, ахун, ийшан.

**Key words:** history, ethnography, genealogy, madrasa, moaque, ahun, eshon.


Өткен әсир басларында Кеңес ҳүкимети алып барған репрессия ақыбетинде уллы ойшылларымыз болған Күнхожа, Әжинияз, Бердақ ҳәм тағы басқада бабаларымыздың мийнетлерин үстемлик етип келген марксистлик-ленинлик идеологияға сәйкеслендириў мақсетинде усындай ойшылларымыздың мийнетлерине берилетуғын баҳалар формасы менен мазмуны өзгерди. Олардың ҳақыйқый түсиниклерине жүзеки қарап, материалист яки өз заманының атеисти етип көрсетиўге дәлиллер изленди. Ҳәттеки, гейпара ойшыллардың социаллық шығысын бурмалап, кәмбағал дийхан шаңарағында туўылды, деген шынлыққа үйлеспейтуғын биймәни түсиниклерге исенип жүрилди.

Республикамыздың көрнекли мәмлекетлик ғайраткерлериниң бири, қәдирдан ақсақалымыз Қәллибек аға Камалов өзиниң «Ел хызметинде» мийнетиниң 445-бетинде өткен әсирдеги изертленген классиклеримиздиң өмирине байланыслы ҳақыйқатлыққа туўра келмейтуғын түсиниклерди көзде тутып былай деп жазады: «Дәўир сиясатына бойсындырыў нийетинде олардың тарийхый шығысын төменлетип жиберген. Мәселен, Жийен Жыраў айрым мағлыўматлар бойынша Хожа Ахмед Яссаўийдиң медресесинде оқыған. Олда шопанның баласы деп айтып жүр. Әжинияз Хийўа медресесинде оқыған, олда жылқыманның баласы яки Бердақ шайыр өз қосықларында: «Бухара менен Хорезимге саяхат жасадым» - дейди. Ол Қарақум медресесин питкерген. Буны да кәмбағал дийхан адам сыпатында көрсетпекши болды. Булар жүдә бай адамлардың балалары болмаған менен де бек яки руўханыйлар шаңарағынан шыққан болыўы мүмкин. Себеби өмир ҳақыйқатлығының өзи соны көрсетеди. Өз күнин зордан көрип отырған адамның бирден үлкен шәҳәрлерге кәрежет таўып барып оқып, данышпан ҳәм шайыр болып кетиўи исенимсиз… Олар өз дәўириниң алдыңғы адамлары болған. Олар диний медреселерди питкерген үлкен руўханый адамлар болған. Соның менен бир қатарда олар өз заманының алым адамлары саналған. Мәселен, Бердақ қарақалпақ халқының «Шежире» син жазған. Демек ол тарийхшы, Шежирени жазардан алдын көп дереклер менен танысқан, көп адамлар менен ушырасып, сәўбетлескен. Саўатсыз, интасыз әпиўайы дийхан адам қалай халқының тарийхын жазыўға қол ура алады?» [1:445].

Мийнет ийесиниң пикиринде жан бар, себеби басқа ойшылларымыз сыяқлы Әжинияздың әкеси Қосыбайдың да шаңарағы руўханый зиялы шаңарақ болып өзине тоқ бай, ел халқының арасында жақсы атақ, абыройға ийе инсан болған. Себеби ол өзине тоқ бай шаңарақ болмағанда Елмурат ахун өз қарындасын жарлы адамға бермеген болар еди. Себеби Елмурат ахун өз дәўириниң бай, оқымыслы зиялы ҳәм үлкен атақ абыройға ийе инсаны болған. Ол Бухара қаласындағы Мирараб медресесин питкерген жетик алымларының бири болған [2:33]. Усы көзқарастан қарасақ Әжинияздың әкеси Қосыбай да жарлы адам болмаған. Ол заманларда өзи менен теңлес адамлар қуда болып, бир-бири менен қыз берисип, қыз алысқан.